6+

3

2020

ISSN 0207-6551

## Редакторым и псалъэ

**Хъыджэбз цӀыкӀухэ, щӀыкӀафӀэхэ, щэныфӀэхэ!**

**Гъатхэпэм, фи махуэшхуэм, «Нур» журналым фагъафӀэ мы мазэм. Ар къэвгъэсэфэ гулъытэ фхуэтщӀу мы къыдэкӀыгъуэр зэхэдгъэуващ. Ар къэвгъэсэбэпмэ, фи щӀэныгъэми зэхэщӀыкӀми хэхъуэнущ, дыкъэзыухъуреихь дунейм фи гулъытэ лъысынущ, Ӏэпэӏэси фыхъунущ. Мы мазэм гъэрэщӀырэ зэхокӀ, Анэдэлъхубзэм и махуэшхуэри догъэлъапӀэри, фи адэанэ вгъэгушхуэу, лъэпкъым фыхуэпэжу фыкъэхъуну дывохъуэхъу!**

**А. Б.**



***ИУАН Изабеллэ*** анэм хуоусэ, дунейм дахагъэу хилъагъуэм сурэт трещӀыкӀ, фӀыуэ йоджэ. Пщащэ дахэр Шэрэдж Ищхъэрэ щыщщ, курыт еджапӀэ 2-м щоджэ, илъэс 11 мэхъу.



### АНЭ

Ди анэ дыщэу дахащэ,
Ди гурыфӀыгъуэ, гумащӀэ.
Уэ унэр зэщӀыбоӀыгъэр,
Унагъуэр зэтыбоӀыгъэр.

Бынитхуми «мамэ» бжыдоӀэ,
«Тхуэпсэу илъэсищэ», – жыдоӀэ.
Уэ уи къарур къыттогуашэ,
Ди гъащӀэм уэ зыхогуашэ.

Уи узыншагъэр пхуэбыдэу,
ГуфӀэгъуэ защӀэу зэпыту
Утхуэпсэуну дохъуахъуэ,
Ухъуну уэ жыыщхьэмахуэ!

# СИ МАМЭ, СИ ДАМЭ!

*Пс. Вындыжь М. ейщ.*
*Макъ. Блашэ В. ейщ.*




1. КъысхуэгуфӀи уэ, си мамэ,
   Уи гум вагъуэу сыщыблэнщ.
   Е, уешамэ уэ, си анэ,
   Сэ уэрэдкӀэ пщхьэщысхынщ.

*Ежьу:*

Уэрщ, си мамэ, псэм и дамэр,
Дамэу стетри уэращ.
Си уэрэдым и макъамэм
Псэуэ хэслъхьэри уэращ.

2. УщыгуфӀэм деж, си анэ,
   Сигури уэ къыбдогуфӀыкӀ,
   Сыхэбгъэлъу щытми данэ,
   Уи гуфӀэкӀэр йохуэбэкӀ.

*Ежьум къытрегъэзэж.*

3. МыфӀу щыӀэкъым зы ани,
   ФӀым я дахэр ахэращ.
   Сахэдэжмэ сэ, итӀани
   Къахэсхынур уэ зыращ.

*Ежьум къытрегъэзэж.*

# ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ



## ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил, композитор

**Усэмрэ макъамэмрэ**

Сызэрысабийрэ усэ сотх, дунейм къысхутемыгъэхьэурэ жьы сыхъуа пэтми. Музыкант IэщIагъэми сыщIэхъуэпсауэ сщIэжкъым, ар си натIэ илъу къыщIэкIами. 1959 гъэм Музыкэ училищэм сыщIагъэтIысхьэри ещанэ курсым Тхьэгъэзит Зубер и псалъэхэр зыщIэлъ «Си гъатхэ» япэ уэрэдыр стхауэ щытащ. Абдежым къыщызгурыIуащ композитор сызэрыхъунур. Си гъащIи гуащIи абы теухуауэ нобэр къыздэсым сопсэу, композитор къысхэкIамэ, си насыпщ.

**Дамэ къыстезыгъакIэр**

Зы дахэ гуэр, зы фIы гуэр къысIэщIэтхыхьамэ, ар сабийхэм яхуэгъэзащ. Сэ уэрэд хыщIым щIигъу сиIэщ абыхэм яхуэстхауэ. **«Сабий композитор гъуэзэджэ ХьэIупэ ДжэбрэIил» жаIэмэ, дамэ къыстокIэ!**

Зи сабиигъуэм и гъащIэр вагъуэ зэщIэпщIыпщIэм хуэдэу дахэу Тхьэм иригъэхь!

**ЩIэх балигъ фымыхъу**

Сабиигъуэм нэхъ IэфIрэ нэхъ дахэрэ зыри щыIэкъым.Абы сащыхэплъэкIэ согуфIэ, фIыгъуэкIэ сахуохъуапсэ. Зауае гуащIэм халъхуахэр тшхын дымыгъуэту дыкъэхъуати пасэIуэу балигъ дыхъуащ. Сабийм сабиигъуэ иIэу гушхуауэ къэгъэхъун хуейщ.

**Сабиигъуэмрэ псысэмрэ нэхъ зэпха дунейм теткъыми, а псысэр ффIэдахэу, гъащIэ-псысэр ффIэмыкIуэду балигъыпIэм фынэсыну Тхьэм жиIэ!**



## КЪУНЫЖЬ Алим, артист

**Си IэщIагъэм сыхуэпэжщ**

Макъ сызэриIэм гу къылъатэри школым и хорым сыхагъэхьат, къыхэзыдзэ солисту. Район зэхьэзэхуэхэм бжьыпэр щытIыгъыу уэрэд жытIэрт. МузыкэмкIэ еджапIэм и дирижёр-хор къудамэр къызэрызухрэ абы и театрым сыщолажьэ. Сытым зеспщытми, сыт къызэхъулIэми, си лэжьыгъэ нэхъыщхьэр зэпхар театрырщ. МузыкэмкIэ театрым, Урыс къэрал драмэ театрым, ЭстрадэмкIэ театрхэм роль зэмылIэужьыгъуэу щызгъэзэщIар 130-м щIегъу.

**Псэм фIэфIыр**

Иджыри къыщIэздзэжрэ си гъащIэр къэспсэуами, сызрикIуа гъуэгурат къыхэсхынур. НэгъуэщI IэщIагъэ си натIэ хъуами, сыщехъулIэну къысщыхъурт, сыт хуэдэ лэжьыгъэми гугъу зыдезгъэхьу сызэрыхущытым щхьэкIэ. Си ныбжьэгъухэм «уцIыхубэ артистщ уэ» къызжаIэ, си щхьэр сагъэIэтыну. Сэри согуфIэ: цIыхубэм сарейщ, ягу сыдохьэ. Абы нэхъ лъапIэ сыт щыIэ?!

**«Нурым» и еджакIуэхэм сывохъуэхъу: фи псэм фIэфIыр IэщIагъэ фщIы, фыщехъулIэми фыкъызыфIэмыщIыж.**



## ХЬЭЦIЫКIУ Мадинэ, дэрбзэр

**Фащэм сызыIэпишэт**

Адыгэ лъэпкъым ди тхыдэмрэ къулеягъэу диIамрэ сригушхуэрт. Къалэм дыкъыщалъхуами, зэшыпхъуитI дыхъурти, дызэрыадыгэмрэ ди анэдэлъхубзэмрэ адэ-анэм зэи тщагъэгъупщакъым. Ауэ согупсысыжри, дэн-бзэн Iуэхум сыщIэхъуэпсауэ сщIэжкъым. Университетым химием сыщыхуеджами, а зэманырауэ къысщохъу IэщIагъэ схуэхъунум и къуэпсхэр къыщежьар. Сэ цIыху Iув сахыхьэну сфIэмыфI пэтми, къэфакIуэ гупым зыхезгъэтхат. Абы сыщIэкIуэри адыгэ фащэр си пкъым ислъхьэну сызэрыхуейрат. Ар псэм пэсщIу фIыуэ зэрыслъагъуращ си Iэщlагъэм сыхуэзышар.

Дыщэ идэр, уагъэр, гухьэрхэр пасэрей зэманым ижь зыщIихуа фащэдыныр, гъэдэхэныр си гъащIэ гъусэщ.

**Сэ сыхуейщ пасэрей адыгэ фащэу дуней псом цIэрыIуэ щыхъуар схъумэжыну.**

**СыщIохъуэпс…**

Нэгъуэщl мыхъуми, махуэшхуэхэм деж, зыщыщ лъэпкъыр ягъэнаIуэу, цIыхухэм фащэ зыщатIэгъэжауэ слъагъуну си нэ къыхуокI. Абы дызэрыхуэкIуэжынум шэч къытесхьэркъым, ауэ адыгэ фащэм и дахагъэр псоми я нэIурыту ялъагъумэщ ар щызыхащIэнур. Артистхэм я мызакъуэу, фащэр адыгэ псоми зэрызэдайр къагурыIуатэмэ, абы и увыпIэри лъысыжынт.



## ТХЬЭЩЫГЪУЕЙ Жаннэ, актрисэ

**Гу къыслъатат...**

Си адэ шыпхъум и къуэ Фырэ Руслан Мэзкуу театрым щыхуеджэрт. Абы я унафэщI Калиновский Леонид Налшык къэкIуауэ,сэ сышколакIуэу сыкъафэу, уэрэд жысIэу утыку ситу гу къыслъитэри еджапIэ нэужьым Мэзкуу актёр IэщIагъэм сыщыхуеджэну къызжиIащ. Арщхьэкlэ сэ ар къысфIэIуэхуакъым. ЕджапIэ нэужьым илъэс никъуэкIи сылэжьауэ, Щукиным и цIэр зезыхьэ театр еджапIэм ягъэкIуэну къыхаха адыгэ гупым сэри сахэхуащ. Ар къызэрызухрэ адыгэ театрым сыщолажьэ.

**ГъащIэм и IэфIыпIэр**

Дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм щыщу игу IэфIу къинэжыр и сабиигъуэрауэ къысщохъу. Сэри аращ. Къуажэм сыщыкIуэжкIэ си адэшхуэм IэфIыкIэ схуигъэтIылъахэр къызэкъуихыжырт. Зыми ямыщIэу дэ тIум гъэпщкIупIэ диIэт. СынэхъыщIэти, тIэкIуи сагъафIэрт, куэди къысхуашэчырт.

**УмыукI, къомыгъапцIэ, умыдыгъуэ…**

Си жагъуэщ дахагъэм щIалэгъуалэр зэрыхуемыIэр. Ар къыщежьэр унагъуэрщ. Абы гъэсэныгъэр щагъэнэхъапэу хабзэр щызэрахьэну сыхуейт. **Дин псоми, зэхэтыкIэ хабзэхэми я лъабжьэр зыщ: умыукI, къомыгъапцIэ, умыдыгъуэ… Быным жраIэ къудей мыхъуу, щапхъэ ирагъэлъагъумэ, Iуэхур абыкIэ пхуэхъуэжыну къысщохъу.**

«Лъэпкъым и насыпыр ар псэкIи цIыхукIи щыузыншэрщ». Лъэпкъ узыншэ Тхьэм дищI!

Зыгъэхьэзырар ***ИСТЭПАН Залинэщ.***









# Хыр мэгухэ, хы бдзэжьейхэр мэгуlэ

***● Щlы хъурейм и 71%-р псым еуфэбгъу. Абы Хышхуэкlэ йоджэ.***

***● Хышхуэм махуэ къэс пхъэнкlийуэ тонн 35-рэ хаклутэ.***

***● Фи пхъэнкlийуэ хым хэхуэм хэлъщ пластик птулъкlэ, псыпс хъуржынхэр (полиэтилен). Абы илъэс къэс хы псэущхьэу 1 мелуан яукl.***

***Апхуэдэурэ екlуэкlмэ, 2050 гъэм хым пластикыу хэлъыр бдзэжьейхэм нэхърэ нэхъыбэнущ. Ар гузэвэгъуэшхуэщ!***

Хым хэхуа пластикыр псым хэкlуадэркъым, хэткlухьыркъым. Абы къыхэкlкlэ, бдзэжьей цlыкlухэмрэ адрей псэущхьэхэмрэ абы йонэ *(сурэтхэм феплъ)*. Шылъэгур *(черепаха)* цlыкlуу псыпсым инэри, къимыкlыжыфурэ, сурэтым зэрыщыфлъагъум хуэдэу, зэпытхьэлыкlауэ хэхъуащ. А флъагъур нэхъ ин хъухукlэ, пакет уэрдыхъум нэхъри икъузыурэ икlэм-икlэжым лlэнущ. Апхуэдэ ныкъуэдыкъуагъэ зылъысахэр псым щыпсэужыфынукъыми, цlыху гущlэгъулыхэм къыхахыурэ унэм щыкlэлъоплъ.

● Пхъэнкlий нэхъыбэ дыдэ зыхэлъыр Хы Щэхурщ *(Тихий океаным)* – абы хы пхъэнкlий lуащхьэу щызэтрихьам тонн мин 80 и хьэлъагъщ, и инагъыр Францием щlыуэ иубыдым хуэдищ мэхъу! Фи нэгу къыщlэвгъэхьэрэ?! Калифорниемрэ Гавай хытlыгумрэ я зэхуакурщ ар зыхуэзэр.

● Индием и къалэдэсхэм пхъэнкlийуэ ирадзым я процент 80-р Ганг псым хохуэ.

*Псы фызэрефа птулъкlэ е псыпс пакет щыхыфlэвдзэм и деж фегупсыс абы кърикlуэнкlэ хъунум. Апхуэдизу фlей хъуа дунейм щыпсэунур фэращ, фи бынхэрщ. Фысакъ!*

*Къыкlэлъыкlуэ къыдэкlыгъуэм дэ дытетхыхьынущ щlым щыпсэу псэущхьэхэм къащыщlым.*

Зыгъэхьэзырар
***ХЪУЭКlУЭН Фатимэщ***



**нэзхэдыкI**
мережка



**бжэнлъэгуажьэ**
«переплетённый петельный»



**гуащэ нэкIу**
«вафельный»




## «Нур еджакIуэ-2020» зэпеуэм хэтынухэм папщIэ.

Мы къыдэкIыгъуэр зыхуэгъэзар дыпIэ лIэужьыгъуэхэрщ. ДауикI, хъыджэбз цIыкIухэм нэхъ тегъэщIауэ зэхэдгъэуващ гъатхэпэм и «Нур» журналыр. Зэвгъащlэ адыгэбзэкlи урысыбзэкlи а дыпIэхэм зэреджэр, фигу ивубыдэ псалъэхэм я тхыкIэр. Ику ит классхэм технологие урокхэм дыпIэ лIэужьыгъуэхэр щывджынущи – зэвгъащIэ. Къыфщхьэпэжынщ.

## КЪУАЖЭХЬХЭР

**Къырым къикI лъакъуэ кIыхь, ди унэ къихьэ фэрэкI напэ.** (Iэпхъуалъэ, мастэ)

**ЗэпаупщIу ящэ, къаупщIыхьу яд.** (щэкI)

**Iунэ закъуэм зэкIэрипхэ, зэпхыжауэ сэ жанитI.** (пэныстэ)

**ГъущIынэ нэ зэв.** (мастэ)

**Iэ пымыту мастэ къэзыщтэ.** (тэм)

**Ди гуэн цIыкIу лы изщ.** (Iэпхъуалъэ)

**ЗэкIуэцIыплъхьэмэ – Iэгуиз, зэкIуэцIыпхмэ – щIыфэ щыз.** (гуэлмэдын щэкI)

**Нэ куэд зиIэу нэху зымылъагъу.** (Iэпхъуалъэнэ)




**дыпIэ занщIэ**
прямой стежок



**IулIэ**
«вперед иголку»



**кIэхэуж**
«строчевой»



**щхьэфэд**
«через край»

# Дэнлъэч плIимэ дощI



Сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ етынымкIэ Къэзэнокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ къалэ центрым и егъэджакIуэ ***Тхьэкъуахъуэ Анжелэ*** дегъэлъагъу.




***ДЫЗЫХУЕИНУХЭР:***

*Дыщэ Iуданэ; тхылъымпIэ Iув; дыщэ кIапсэ ухуэна цIыкIу (шнур); мастэ; лэныстэ; шхэпс; къэрэндащ; зэрыратхъэ (линейкэ).*

ТхылъымпIэ Iувым плIимэу тIу къыхэгъэж, лъэныкъуэ къэс сантиметри 2,5-рэ хъууэ *(сур. 1).*











**бжырыбжыщхьэ**
«наконечник стрелы»



**Iуданэр хэнэу**
«назад иголку»



**мастэщхьэфIэбдзэ**
петельный,
или обмёточный



**лъэдийупцI**
стебельчатый шов

Дэнлъэчыр фIэдзапIэ хуейщ. Сантиметри 3–4 и кIыхьагъыу кIапсэ ухуэна къыпыгъэж, къэгъэши, плIимэм и зы къуапэм хуэзэу тегъапщIэ *(сур. 2)*.

ЕтIуанэ плIимэри фIэдзапIэр я кум къыдэнэу тегъапщIэ *(сур. 3)*.

Мастэм сантиметр 40 и кIыхьагъыу дыщэ Iуданэ фIэу, фIэдзапIэр зыдэт къуапэмрэ абы и бгъумкIэ иIэ етIуанэ къуапэмрэ я кум дегъэубыдэ *(сур. 4)*.



ФIэдзапIэм къэсыху дыщэ Iуданэр быдэу зэбгъурыбгъэувэурэ плIимэм къешэкI. Зы лъэныкъуэр бухмэ, Iуданэр фIэдзапIэм и щIыбымкIэ къыблэши, етIуанэ гъунэм щIэдзэ *(сур. 5)*.

ЕтIуанэ гъунэм IуданиплIым я щIагъым мастэр щIэш. ЗыщIэпшам хуэдизым щхьэпрыш, итIанэ IуданиплIым я щIагъ щIэш *(сур. 6)*.

Зи щIыIу зэблэпшам и щIагъым щIэпшыурэ зэщIэхыныр иригъэкъу *(сур. 7)*.

Iуданэ къуапэхэр дэнлъэч зэхуакум щыгъэпщкIу, къанэр пыупщIыж *(сур. 8)*.

Зыгъэхьэзырар
***КЪАШЫРГЪЭ Фатимэщ***









**Іэпэ зэрылъ**
тамбурный шов



**джэджьейлъакъуэ**
«бархатный»



**дэнлъэч зэпрыдз**
«шахматка»



**дэнлъэч пІащІэ**
«плетёная гладь»

## РЕБУСХЭР

ДыпІэ лІэужьыгъуэхэр къафщІэ.



















Зыгъэхьэзырар
***БЕКЪАН Масирэтщ***

# ЗЭДЭЛЪХУЗЭШЫПХЪУ ІЭПЩІЭЛЪАПЩІЭХЭР









*Сабий ІэпщІэлъапщІэ куэд зэрыдиІэм дыщогуфІыкІ. Абы Іэмал яІэщ щхьэж игу ирихь ІэщІагъэмкІэ и зэфІэкІым зригъэужьыну. Хэт сурэт ещІ, хэт мадэ, хэти хедыкІ. КъехъулІа я ІэдакъэщІэкІхэм езы сабийхэр щогуфІыкІыж, ар зылъагъу адэ-анэхэри быным ядогушхуэ.*

*ІэпщІэлъапщІэ цІыкІухэм ядэлажьэ кружоккхэм я фІыгъэкІэ ІэпэІэсэхэм я бжыгъэм хохъуэ, абдеж ахэм зыщаужь, я хьэл-шыпри нэхъ зэтепсыхьа щохъу.*

Сабий ІэпщІэлъапщІэхэм ящыщщ зэдэлъхузэшыпхъухэу **Мэкъохэ Маратрэ Миланэрэ.** А тІур Налшык дэт 2-нэ лицейм фІы дыдэу щоджэхэ. Марат 4-нэ классым щІэсщ, Миланэ – 2-нэм.

Еджэным къыщыдэхуэм и деж, **Марат** е сурэт ещІ, е пластилиныр егъэІэрыхуэ, и Іэпэ цІыкІухэр а ІэщІагъэм хуащІам хуэдэу, дакъикъэ бжыгъэкІэ псэущхьэхэр иІущІу. Иужьрей зэманым ар нэхъ дихьэх хъуащ пластилинкІэ тхылъымпІэм сурэт телъхьэным, и Іэзагъэми хигъэхъуащ. Марат зыщегъасэ Къэзэнокъуэ Жэбагъы и цІэр зэрихьэу Налшык дэт сабий еджапІэ ІуэхущІапІэм. Абы и гъэсакІуэр **Гацолаевэ Светланэщ.**

**Миланэ** щІалэгъуалэ творчествэмкІэ Налшык щыІэ уардэ унэм и кружокхэм жыджэру йокІуалІэ. Абы уэрэд жыІэнри, къэфэнри фІэфІщ, ауэ нэхъ дэзыхьэхыр шылэ лентІ плъыфэ зэмылІэужьыгъуэхэм сурэт къыхэщІыкІынырщ. АбыхэмкІэ удз гъэгъа дахэу ещІ, мастэ-Іуданэм хуэІэрыхуэщ. Миланэ и Іэдакъэ къыщІэкІащ губгъуэ Іущхьэ-щхьэумэхэр, гуащэнабдзэ пшэплъыфэхэр, хьэндырабгъуэхэр зыщхьэщылъэтыкІ гъэгъа зэмылІэужьыгъуэхэр. Апхуэдэ ІэщІагъэ дахэу гур хэзыгъахъуэм пщащэ цІыкІур дезыгъэхьэхар **Талостэнхэ Динэмысщ.**

*КъэкІуэну зэманым щыпсэуну ди сабийхэм я ІэпщІэлъэпщІагъэм деплъ пэтми, тхуэмыухыу догъэщІагъуэ. Лъэпкъым къытщІэхъуэ щІэблэм гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яІэу кружок зэмылІэужьыгъуэхэм зэрекІуалІэм дыщогуфІыкІ.*

***МЭЛЕЙ Фатимэ***









# АНЭМ ТЕУХУА ЕIУЭКIХЭР

*(Притчэхэр)*

## Анэм и жэуап

Анэм еупщIат:

– Уи бынхэм дэтхэнэр нэхъыфIу плъагъурэ?

Жэуапу къитащ:

– Сымаджэр – хъужыхукIэ; щIэкIар – къэсыжыхукIэ; нэхъыщIэр – хэхъуэхукIэ; псори – сыпсэухукIэ.

## Анэм и узыр

Зы хъыджэбз гуэрым и анэр сымаджэ хьэлъэу сымаджэщым щIэлът. Сыт кърамыхьэлIэми, дапхуэдэу къемыIэзэми, хъужтэкъым. Хъыджэбзым ищIэнур имыщIэу, я къуажэм дэс лIыжь Iущым и деж кIуащ.

– Дадэ, къыздэIэпыкъу. Сэ лэжьапIэ гугъу сыIутти, гу лъызмытэурэ си анэр сымаджэ хъуащ. Иджы илъэс бжыгъэкIэ зэхуэсхьэса ахъшэри тезгъэкIуэдэжа пэтми, си анэр схуэгъэхъужкъым. Сыт сщIэнур?

– ПщIэнуращ, си хъыджэбз,– жеIэ лIыжьым.– Уи анэр унэм шэжи укъыбгъэдэмыкIыу убгъэдэсурэ кIэлъыплъ.

Хъыджэбзым къыжраIар игъэзэщIащ, и анэми лажьэ имыIэжу хъужащ. Ар игъэщIагъуэу кIуащ аргуэру тхьэмадэ Iущым и деж.

– Дадэ, си анэр хъужащ. Сыт къеузар?

– Гулъытэ. Ар дохутырхэр зыпэмылъэщ псэ узыфэщ, си хъыджэбз. А узыр зыхуэгъэхъужынур лъыкIэ къыбгухьэ цIыхуращ, и хущхъуэр – лъагъуныгъэщ.

## Анэмрэ къуэмрэ

Анэр ешауэ, сумкэ хьэлъэхэр иIыгъыу лэжьапIэм къикIыжри къыщIыхьэжащ. Унэр фIейт, къызыхэкIа пIэ дыдэр Iумыхауэ илъэс 11 зи ныбжь и къуэр компьютеркIэ джэгуу щыст. Анэм къыпежьэу и хьэлъэр Iихыну къытехуэ пэтми, ар ауи къеплъэкIыхакъым. Анэм ар и жагъуэ хъури егиящ:

– Iэщым уахыхьэмэ, къыпхуотэдж, уэ уцIыху пэтрэ зыбгъэхъеин къохьэлъэкI. Мы уи джэгунри къэбгъанэу Iуэху гуэр хэбгъэщI хъунутэкъэ? Сыту умыукIытэрэ?

Къуэм зыри жиIакъым. Зэхихаи-зэхимыхаи…

Зы сыхьэт хуэдэ докI. Анэр пщэфIапIэм щIэту и къуэр нэщхъыцэу къыщIохьэри тхылъымпIэ напэ къыхуеший.

Анэм тхылъымпIэр къыIехри итым къоджэ:

***Злэжь Iуэхухэм я уасэр:***

ПIэ Iухыныр – сом 50;

Пэш зэщIэкъуэныр – сом 100;

Шыпхъум кIэлъыплъыныр – сом 1000;

ОценкэфI къэхьыныр – сом 500;

ПхъэнкIий щIэхыныр соми 150-рэ.

Анэр къеджэщ, тхылъымпIэр къызэригъэдзэкIри тритхащ.

***Злэжьа Iуэхухэм я уасэр:***

МазибгъукIэ укъызэресхьэкIам и уасэр – сом минипщI (10 000);

Ущысимаджэхэм сымыжейуэ жэщу згъэкIуам я уасэр – 15 000;

Унэщхъейм – узгъэгуфIэу сызэроубза илъэс бжыгъэм я уасэр – 5 000;

Уи нэпсу слъэщIар – 3 000;

Шхыну пхуэспщэфIар – 8 000;

Махуэ къэскIэ илъэс 11-м уэ птезгъэкIуэда къарумрэ зэманымрэ – 20 000.

Къуэм тхылъымпIэр иIыгъыу унэм щIэжри зыкъомрэ къэтауэ къыщIыхьэжащ. Анэр абы зэрыIуплъэу занщIэу къыгурыIуащ ар фIыуэ зэрыгъар. Анэми и гур къигъыкIырт, ауэ зыри къэмыхъуххам хуэдэу, псыхьэлывэ зэтригъапщIэу щыст. Къуэр абы и щIыбагъымкIэ къекIуэкIри IэплIэ къришэкIащ. ИтIанэ и щхьэр кърыгъэщIри щэхубзэу жиIащ: «Мамэ, сэ игъащIэкIэ зэи уи жагъуэ сщIыжынукъым. Псалъэ быдэ узот!».



Зыгъэхьэзырар
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***





# Хъыдан гуащэхэр

**Мы сурэтхэм щыфлъагъу хъыдан гуащэхэр зэрыджэгу хьэпшыпщ. Ахэр пасэрей нанэхэм хъыджэбз цӀыкӀухэм хуаду щытащ.** ***(XIX–XX лӀэщӀ.)***

Хъыдан гуащитӀми япкъхэр – баш псыгъуэщ, увын щхьэкӀэ Ӏуданэ зытрашэ шэрхъ пэщӀэсэм тетхэщ. Я щхьэ-япкъхэр данэ хужь къызэшэкӀа бжьэхуцкӀэ къыхэгъэкӀащ.

Япэрейм *(сур. 1)* и напэр Ӏуданэ зэмыфэгъукӀэ хэдыкӀащ, и пыӀэр щагъэкӀэ щӀащ, и щхьэм данэпс телъщ. Гуащэм щыгъ джанэр щэкӀ зэпрыдзщ, Ӏэщхьэпылъ плъыжь пыдауэ. Алътес фӀыцӀэм къыхэщӀыкӀа и сей *(бостей)* кӀэзэгуэхым щӀэлъщ щагъэ бгырыпх. Сейм и бгъуитӀымкӀи къехыу уагъэ тедащ. Гуащэм и лъагагъыр сантиметр 22 мэхъу.

ЕтӀуанэрейм *(сур. 2)* и напэм Ӏуданэ зэмыфэгъукӀэ щагъэ къешыхьэкӀащ, и кур зэпэплӀимэу. Мыбы нэкӀу щӀимыӀэр муслъымэн диным ехьэлӀащ. *(Муслъымэныгъэм идэркъым псэ зыӀутым сурэт тептхыкӀыу, е цӀыху нэкӀу хуэпщӀу)*. Мы гуащэм и дыщэ пыӀэжьейм дэнлъэч топ тесщ, езыми щхьэц дыдэ тетщ. Шылэ щэкӀ гъуэжьым къыхэщӀыкӀащ гуащэм и джанэмрэ Ӏэщхьэ быхъу кӀыхьымрэ. И сей къащхъуафэр алътесщ, щӀыӀу зэрыт бгырыпх щӀэлъу. Сейм къыкӀэщӀэлъ бгъэӀулъ фӀыцӀэр пщэщӀэтщ, щагъэкӀэ гъэщӀэрэщӀащ.

## Къупщхьэ гуащэ

***Мы сурэтым щыфлъагъу къупщхьэ гуащэр нобэрей зэманым нэхъ пэгъунэгъущ (XX-нэ лІэщІ).***

Мыбы таж пыІэ *(кониче-ская шапочка)* щхьэрыгъщ. ПыІэм и щхьэр дыщэ Іуданэкlэ хэдыкlащ, и щІагъыр щагъэм къыхэщІыкlащ, дэнлъэчхэмкlэ гъэщІэрэщІащ. Гуащэм шылэ щІагъщІэлъ удзыфэрэ чэсыргей гъуэншэджрэ щыгъщ. Абы сей кІэзэгуэх плъыжь къытелъщ, щагъэ бгырыпх щІэлъу. Сейм и дыпІэхэмрэ и кІэмрэ щагъэкІэ къэщІыхьащ, нэтемыгъаахуэ щимэ и кІэм тедащ, дыщэидэкІэ гъэщІэрэщІа ІэщхьэтхьэмпэхэР пылъщ. Абы и дамэхэм щІыІу хъурейхэр тедащ. Сейм къыкІэщІэлъ гупэІулъ фІыцІэр щагъэкІэ гъэдэхащ, и бгъэІульми дыжьын щІыІу телъщ. Гуащэм фэм къыхэщІыкІауэ лъей лъыгъщ.



Зыгъэхьэзырар
***КЪАШЫРГЪЭ Фатимэщ***

## Пщащэ ІэпэІэсэхэм папщІэ

Щагъэ (галун) зэращІ щапхъэхэм феплъурэ фэ езыхэм фыфей къэвгупсыс. Журналым и напащхьэм тетхэми феплъ хъунущ. Плъыфэ нэхъыбэ къыхэзыгъыхьэу нэхъ гугъуу зэхэзыгъэувэни къыфхэкІынщ.

Щагъэ щІыкІэр зэвгъащІэмэ фи ІэрыкІхэмкІэ фІыуэ флъагъухэр вгъэгуфІэфынущ.



Зыгъэхьэзырар ***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***



***Тхьэзэплъыж Ибрэхьим***

«Нурым» и сурэт
зэхьэзэхуэм щытекIуащ.
Ар илъэситIрэ ныкъуэрэ
хъууэ аращ. Налшык къа-
лэ дэт 56-нэ сабий садым
макIуэ. ЦIыхубзхэм
я МахуэшхуэмкIэ
мэхъуахъуэ мыр жиIэу:

«Нанэ – си Iэф!,
Мамэ – си фо,
Фэ фыдахэ.
Псоми – ба!»


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 3 2020 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике.
Рег. ПИ № ТУ07-00125
от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
04.03. 2020 г.
Выход в свет 25.03.2020 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak.
DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2100 экз.
Заказ № 524
Индекс П 5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес. – 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30

**nur.kbr1982@yandex.ru**



Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.